

Olga Hugelmeyer  
Superintendent of Schools


16 Fevriye 2021

A Paran/Gadyen yo,

Apati Mèkredi 17 Fevriye a 9:00 a.m., elèv ak paran yo pral kapab wè kanè K-12 pou dezyèm peryòd sou Pòtay Paran PowerSchool. Sèvi ak yon sekirite, modpas-pwoteje sistèm kanè sou entènèt pèmèt pou yon livrezon kanè pi apwopriye bay paran ak elèv yo.

Yon fwa ou sou Pòtay Paran PowerSchool la, tanpri swiv etap ki anba yo:

Etap 1. Klike sou lyen kanè ki parèt sou ekran Navigasyon gòch la. Tanpri gade sou modèl imaj ki anba:



Etap 2. Klike sou lyen kanè "SCH-XX-Q2 kanè 20-21" anba kanè Achiv yo. Tanpri gade sou modèl imaj ki anba:



Etap 3. Kanè a ap ouvri nan yon nouvo fenèt nan entènèt ou itilize a.

Si ou pa gen yon kont PowerSchool, silvouplè kontakte direktè lekòl pitit ou a pa kourye elektronik(email) pou mande idantifikasyon aksè entènèt (ID) ak modpas. Yon fwa yo ba ou enfòmasyon sa yo, ou ka jwenn Enstriksyon pou PowerSchool [la](#).

Ou pral otomatikman resevwa yon kopi kanè pitit ou a pa kourye elektronik (email) pou ou menm epi sou kont kourye elektronik(email) pitit ou a tou, ki ap pwoteje pa yon modpas ak nimewo ID pitit ou a. Tanpri konnen byen ke notifikasyon an ap parèt konsa:

Notifikasyon [Lekòl Pitit ou a] <[Notification@target11002.brightarrow.com](mailto:Notification@target11002.brightarrow.com)>

Tanpri pa bliye tcheke bwat mesaj ki resevwa lèt enkoni yo nan kourye elektronik (email) ou si ou pa resevwa notifikasyon sa asire ke li pa t parèt kòm yon kourye elektronik(email) Spam epi te ale dirèkteman nan mesaj ki resevwa lèt enkoni yo.

Mèsi anpil pou pasyans, sipò, ak konpreyansyon ou epi ap kontinye swete bon sante pandan moman difisil sa yo.

Sensèman,



Olga Hugelmeyer